

Enfòmasyon w. DWA w YO Responsabilite w yo

Avi sa bay detay sou jan enfòmasyon medikal sou ou dwe itilize, pibliye ak kòman ou ka genyen aksè nan enfòmasyon sa a. **Tanpri revize l avèk anpil atansyon.**



Dwa w yo

Lè sa gen pou wè ak enfòmasyon sou sante w, ou gen yon seri dwa. Seksyon sa a eksplike dwa ou ak kèk nan responsabilite nou genyen pou ede w.

Chèche yon kopi elektwonik oswa papye dosye medikal ou

- Ou ka mande pou wè oswa pou w jwenn yon kopi elektwonik oubyen an papye dosye medikal ou ak lòt enfòmasyon sou sante sou w. Mande nou kijan pou fè sa.
- Nou pral bay yon kopi oswa yon rezime enfòmasyon sou sante w, an jeneral nan lespas 30 jou apre w fin fè demann nan. Nou ka fè ou peye pa anpil, pri depan de konbyen sa koute .

Mande nou pou nou korije dosye medikal ou

- Ou ka mande nou korije enfòmasyon sou sante w ke ou panse ki pa kòrèk oswa ki pa konplè. Mande nou kijan pou fè sa.
- Nou ka di "non" pou demann ou a, men nou pral di ou poukisa nan yon lèt n ap ekri w nan espas 60 jou.

Mande komunikasyon konfidansyèl

- Ou ka mande nou kontakte ou nan yon fason byen presi (pa egzanp, lakay oswa telefòn biwo) oubyen yon mesaj elektwonik nan yon lòt adrès.
- Nou pral di "wi" a tout demann ki rezonab yo.

continued on next page

Dwa w yo

Mande nou pou limite sa n ap itilize oswa pataje

- Ou ka mande nou pa itilize oswa pataje kèk enfòmasyon sou sante pou tretman, pèman, oswa sou operasyon nou yo.
 - Nou pa oblige dakò ak demann ou an, e nou ka di "non" si li Ka afekte swen w.
 - Si ou peye pou yon sèvis oswa ou peye tout depans atik pou swen sante , ou ka mande nou pou pa pataje enfòmasyon sa a nan objektif pou pèman oswa operasyon w yo ak konpayi asirans sante w.
 - Nou pral di "wi" sèlman si gen yon lwa ki egzise nou pou pataje enfòmasyon sa.

Chèche jwenn yon lis moun nou te pataje enfòmasyon sa yo avèk a.

- Ou ka mande pou yon lis (rapò kont) kantite fwa yo nou te pataje enfòmasyon sante ou pandan sis ane ki te pase anvan dat ou mande a, avèk moun nou te pataje I la, ak poukisa.
- Nou pral mete ladan I tout deklarasyon yo eksepte sa yo ki gen pou wè sou tretman, pèman, ak operasyon swen sante, ak kèk lòt deklarasyon yo(tankou nenpòt sa ou te mande nou fè). Nou pral bay yon sèl rapò kont pou yon ane gratis men yo pral fè ou peye yon fason rezonab, pri sa koute si ou mande yon lòt nan espas 12 mwa.

Chèche jwenn yon kopi sou avi konfisyandalite sa

- Ou ka mande pou yon kopi papye deklarasyon sa a nenpòt kilè, menm si ou te dakò resevwa anons la elektwonikman. Nou pral ba ou yon kopi an papye san pèdi tan.

Chwazi yon moun pou reprezante pou w

- Si ou te bay yon moun dwa legal sou swen medikal oswa si yon moun se reprezantan legal ou, moun sa a ka eggèse dwa ou yo,yo ka fè chwa sou enfòmasyon ki gen pou wè ak sante ou.
- Nou pral asire ke moun nan gen otorite sa a epi li ka aji pou ou anvan nou pran nenpòt desizyon.

Ou ka pote plent si ou panse dwa ou te vyole.

- Ou ka pote plent si ou santi nou te vyole dwa ou yo lè nou kominike avèk ou nou itilize enfòmasyon ki nan paj 1 an.
- Ou ka pote yon plent a U.S. Department of Health and Human Services Office for Civil Rights lè w voye yon lèt bay 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201
- Nou pa pral vanje avèk ou paske ou depoze yon plent.

Chwa ou yo

Pou kèk enfòmasyon sou sante, ou ka di nou ki chwa ou yo sou n ap n ap pataje. Si ou gen yon preferans klè sou jan nou pataje enfòmasyon ou yo nan sitiyasyon ki dekri anba a, pale ak nou. Di nou sa ou vle nou fè, epi nou pral swiv enstriksyon ou yo.

Nan ka sa yo, ou gen toulede dwa ak chwa pou di nou:

- Pataje enfòmasyon ak fanmi pwòch, zanmi w, oswa nenpòt lòt moun ki enplike nan swen w
- Pataje enfòmasyon pandan yon operasyon sekou nan yon katastwòf
- Mete enfòmasyon ou yo nan yon rejis lopital
- Kontakte ou pou yon
Si ou pa kapab di nou preferans nou an, pa egzanp si ou se san enkonsyan, nou kapab pataje enfòmasyon ou si nou kwè sa ap pi bon pou ou. Nou ka pataje enfòmasyon ou tou lè gen yon danje klè e serye ki menase sante oswa sekirite.

Nan ka sa yo nou pa janm pataje enfòmasyon ou sèlman si ou ban nou yon pèmisyon ekri:

- Nan objektif pou vann.
- Vann enfòmasyon ou yo
- Plis pataje sikoterapi nòt yo

Nan yon ka kolèt fon:

- Nou ka kontakte ou pou yon kolèt fon, men ou ka di nou pa kontakte ou yon lòt fwa.

Itilizasyon ou ak piblikasyon yo

Ki jan nòmalman nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante ou? Nou nòmalman itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante ou nan fason sa yo ki vini apre a.

Tretman w

- Nou ka itilize enfòmasyon sou sante ou ak pataje li avèk lòt pwofesyonèl ki ap trete w.

Egzanp: Yon doktè ki ap trete ou akoz yon blese mande yon lòt doktè sou kondisyon jeneral sante w.

Fonksyonman òganizasyon nou an

- Nou ka itilize e pataje enfòmasyon sou sante ou pou nou fè praktik, amelyore sante ou, epi kontakte ou lè sa nesesè.

Egzanp: Nou itilize enfòmasyon sou sante ou pou jere tretman ak sèvis ou.

Fakti pou sèvis ou yo

- Nou ka itilize ak pataje enfòmasyon sante ou pou fè fakti epi pou yo jwenn pèman bò kote plan sante oswa lòt antite.

Egzanp: Nou bay enfòmasyon sou ou a plan asirans sante ou pou e li pral peye pou sèvis ou yo.

continued on next page

Kiyès ankò ki kapab itilize oswa pataje enfòmasyon sou swen sante w? Nou gen dwa oswa oblige pataje enfòmasyon ou yo nan lòt fason ankò-jeneralman nan fason ka kontribiye pou byen kominote a,tankou envestigasyon pou sante piblik. Nou te jwenn anpil kondisyon nan lwa anvan nou ka pataje enfòmasyon pou objektif sa yo. Pou plis enfòmasyon, gade:
www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/index.html

Ede ak pwoblèm sante ak sekirite piblik	<ul style="list-style-type: none">• Nou ka pataje enfòmasyon sou sante ou pou kèk nan sitiyasyon tankou:<ul style="list-style-type: none">• Prevansyon kont maladi• Ede ak pwodwi yo retire• Rapòte reyakson negatif sou medikaman yo• Rapòte abi yo sispèk, neglijans, oswa vyalans domestik• Evite oswa diminye yon menas grav pou sante oswa sekirite nenpòt moun
Fè rechèch	<ul style="list-style-type: none">• Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon ou pou rechèch sou sante.
Akonpli ak lalwa	<ul style="list-style-type: none">• Nou pral pataje enfòmasyon sou ou si lwa federal mande sa a, sa gen ladan I ak Department of Health and Human Services si li vle wè si nou akonpli ak lwa sou privasite.
Reponn a demann don ògan ak tisi	<ul style="list-style-type: none">• Nou ka pataje enfòmasyon sou sante ou avèk òganizasyon kòlèt ògàn.
Travay avèk yon medsen lejis oubyen direktè fineray	<ul style="list-style-type: none">• Nou ka pataje enfòmasyon sou sante ak medsen lejis,medsen k ap egazmine a,direktè fineray lè yon moun mouri.
Reponn sou lwa dedomajman travayè ,respè lalwa, ak lòt demann yo gouvènman an fè	<ul style="list-style-type: none">• Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon konsènan sante ou:<ul style="list-style-type: none">• Pou dedomajman travayè reklame• Pou fè respekte lalwa oswa pou kenbe lòd piblik• Avèk ajans ki siveye sou sante pou aktivite lalwa otorize• Pou fonksyon gouvènman espesyal tankou militè, sekirite nasional, ak sèvis pwoteksyon prezidansyèl yo.
Reponn sou pousuit jidisyè ak aksyon legal	<ul style="list-style-type: none">• Nou ka pataje enfòmasyon sante konsènan sante pou reponn a yon tribunal oswa yon lòd administratif, oswa pou reponn a yon sitasyon. <ul style="list-style-type: none">• Nou pap janm lage dosye ki gen rapò ak sante mantal oswa sikolojik, dwòg, alkòl, oswa konsomasyon dwòg ,maladi seksyèl moun pran, rezulta tès VIH / SIDA, oswa kèk maladi jenetik oswa tès (analiz ADN ak rezulta) san pèmisyon ekri sèlman si ou otorize.• Òganizasyon nou an ka itilize ak pibliye enfòmasyon pou kontakte ou epi sonje ou yon randevou, oswa pou replanifie yon vizit.• Òganizasyon nou an ka itilize ak pibliye enfòmasyon ki idantifye w oubyen pou enfòme ou sou benefis oswa sèvis ki gen rapò ak sante ki ka nan enterè ou, oswa konsèy sou rezulta tès nòmal yo.• CHC patisipe nan yon echanj enfòmasyon sou sante (HIE) avèk founisè trètman swen sante andeyò CHC. Patisipasyon CHC nan HIE, ansanm ak lòt founisè k'ap patisipe yo, pèmèt echanj enfòmasyon klinik ou ant founisè swen sante ou yo, jan sa nesesè pou swen ou.

Responsablite n yo

- Lalwa egzije nou kenbe privasite ak ganranti enfòmasyon sou sante ou pwoteje.
- Nou pral fè w konnen san pèdi tan si gen yon vyolasyon ki fèt ki ka afekte privasite oswa sekirite enfòmasyon ou yo.
- Nou dwe swiv obiligasyon ak pratik privasite ki dekri nan anons sa a epi ba ou yon kopi ladan li.
- Nou pa pral itilize oswa pataje enfòmasyon ou lòt jan sa detaye la sèlman si ou ekri n ou di nou kapab. Si ou di n nou kapab, ou ka chanje lide nenpòt lè ou vle. Ekri nou pou fè n konnen si ou chanje lide.

Pou plis enfòmasyon, gade: www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/index.html

Chanjman nan Kondisyon ak Regleman sa a

Nou ka chanje kondisyon avi sa a, e chanjman sa yo pral fèt nan tout enfòmasyon nou genyen sou ou. Nouvo avi a ap disponib sou demann, nan biwo nou an, ak sou sit entènèt nou an.

1 fevriye 2019

Avi sa sou Politik konfisyandalite aplike nan òganizasyon sa yo:

Community Health Centers, Inc.

Seth Rosenblatt, Privacy Officer
110 South Woodland St, Winter Garden, Florida 34787
407-905-8827 | privacyofficer@chcfl.org